


Wason
PL 5179
P49
1920

ASIA

179
0

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Serie No. 51


J. Doornbos.
0.20
Regi f 0.25

PÉTROEK DADOS RATOE

Tjarangan bebanjolan.

Mawi gambar 16 idji.

Tjap-tjapan ingkang kaping tiga.



UITGAVE VAN DE COMMISSIE
VOOR DE VOLKSLECTUUR

WEDALAN
BALÉ POESTAKA

ROUERO CITY.

ALGERIA

SERAT-SERAT BASA DJAWI.

Serat-serat ingkang kaseboet ingandap poenika sok tijanga kénging toembas dateng kantor BALÉ POESTAKA ing *Wellefreden*. Jatra panoembasipoen kedah kakintoenaken roemijin mawi post-wissel. Déné serat-serat waoe badé kakintoenaken „dienst” dateng ingkang toembas. Rembours inggih kénging, nanging kedah bajar wragading pangintoen.

NAMANING PANGARANG.	NAMANING SERAT.	REGI.
R. Ng. Djajapoespita.	Serat Mahabharata.	f 1,52
Ng. Wirapoestaka.	Serat kantjil tanpa sekar.	” 0,70
R. M. Soerjapranata.	Serat Sotya rinontjé.	” 0,23
Koempoel alias Mas	Serat Wédða trikara wa-	” 0,10
Mangkoeatmadja.	loeja.	” 0,14
R. Prawirawinarsa.	Serat Goegon-toehon.	” 0,12
M. Poedjaardja.	Dongèng tjarijosipoen tijang	” 0,09
	sepoeh.	” 0,07
Darmawijata.	Tjampoer bawoer.	” 0,15
M. Poedjaardja.	Serat tjarijos ingkang ka-	” 0,08
	sawaban ing nama.	” 0,07
Sastratama.	Tri djaka soewala.	” 0,27
R. Prawirawinarsa.	Tjarijos pandoeng.	” 0,10
Ki Padmasoesastra.	Kawroeh klapa.	” 0,95
R. Prawirawinarsa.	Serat lagoe botjah-botjah.	” 0,03
R. Prawirawinarsa.	Serat piwoelang tjablaka.	” 0,06
Ki Padmasoesastra.	Paði basa.	” 0,35
	Senggoetroe (Holl. ka-	” 0,11
	rakter).	” 0,08
Ng. Wirapoestaka.	Piwoelang betjik.	” 0,15
M. Kartasiswaja.	Pangresoelaning kéwan.	” 0,23
R. Wirawangsa.	Walidarma.	” 0,12
M. Djajatenaja.	Serat panoentoen tani I.	” 0,06
Idem	Idem II.	” 0,09
R. M. Mangkoedimedja.	Asta tjarita.	” 0,19
M. Poedjaardja.	Sarimoelja.	” 0,15
R. Martaardjana.	Serat koela pratama.	” 0,08
R. Martakoesoema.	Pratikel moerih soedaning	” 0,11
	karojolan.	” 0,09
R. Poerwasoewignja.	Nembelas tjarijos.	” 0,19
M. Prawirasoedirdja.	Bab bako garangan.	” 0,15
M. Poedjaardja.	Niti karsa.	” 0,50
R. M. Mangkoedimedja.	Serat poerwa wahja.	” 0,31
Idem	Serat paraton I.	” 0,06
Idem	Idem II.	” 0,08
Idem	Idem III.	” 0,11

PÉTROEK DADOS RATOE

Tjarangan bebanjolan.

Mawi gambar 16 idji.

Tjap-tjapan ingkang kaping tiga.



KAETJAP SAHA KAWEDALAKEN
DÉNING **BALÉ POESTAKA**
1920

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN.

RDUCRO, UITV.

UNIVERSITY
LIBRARY

PL 5177

POENIKA PAKEM RINGGIT POERWA, LAMPAHAN

PÊTROEK DADOS RATOE

WONTEN NAGARI ING SONJAWIBAWA.

Djedjeripoen ratoe Ngastina, gangsa serbegan, ladjeng rep, kanĉa :

Ja mangkana, wong agoeng mijos saking ĉatoelaja, ginarebeg para mangoeng, para tjèti lan bijada, sami angampil lar badak sawoenggaling ardawalika, sarta ngampil ĉampar mas kang pinatik nawa retna.

„Para kantja pada ĉodok!”

Noelja oermat marijem kalantaka moenja djoemegoer saksana. Ingrikoe ladjeng lenggah wonten sitinggil batoe retna.

Dalang ladjeng kanĉa :

„Ong wilaèng awigena, mastoehoe nom siĉem. Lah ingrikoe wonten ratoe ingkang soedibja kang karengga ing boesana.

Jata agemira wong agoeng ing Ngastina, angagem gelang gine-loeng toer pangangoen-angoen. Adjedjoeloek ratoe kaĉka adi dasa poerwa. Éka: marang sawidji, adi: marang kang loewih, dasa: marang sapoeloeh, poerwa: marang wiwitan.

Waoe ta. Kotjapa ingkang wonten nagari ing Ngastina.

Nagara pandjang apoendjoeng pasir awoekir loh dinawi.

Apa ta kawinja: pandjang apoendjoeng? Pandjang: marang dawa, poendjoeng: marang ĉoewoer, pasir: anengenaken sagara, woekir: angiwakaken goenoeng. Nagari gemah aripah rahardja, moerah sanĉang lawan pangan; wong dodol soeket, goĉong, kajoe dadi lan sanĉang, angané, lan sabarang tinandoer dadi radja-kajané.”

Dalang landjeng soeloek: Leng-leng menjang sesangka wajahé lagi koemenjas, mangrengga roeming poeri, moektya napas sir mandaja, mandaja resmining gita, djaladri kapita kang soerja goemiwangkara andjrah soememboer salira, jekti sang Parta saléla, risang sekar soekinèng nala, roem setya asmara déwa, déwataning dyah ing lala, sekti mandaja madibja, dibja djajèng Soeralaja salira amoedja brangta.

Nata ngandika: „Paman arija!”

Patih Sangkoeni: „Kawoela noewoen, anak praboe.”

Nata Ngastina: „Adja dadi atinira, paman, soentimbali ana ngarnasingsoen.”

Patih Sangkoeni: „Kawoela noewoen, anak praboe, koela sareng tampi timbalandalem lir tinebak ing sima lepat, lir sinamber ing gelap toeni; boten priksa tjlorotipoen namoeng djoemebréting gelap, saking santeripoen timbalandalem, menggah anak praboe moendoet pedjah gesangipoen abdidalem ingkang katrap dedosan, dosa sakit kang sajogi inggih anak praboe kang njakiti; menggah dosa pedjah sajogi anak praboe ingkang amedjahana.”

Nata Ngastina: „Paman, ingsoen tarima ndjoendjoeng kapra-boningsoen.”

Paman pandita ing Sokalima!

(Gambar I). Pandita Sokalima: „Kawoela nonon.”

Nata Ngastina: „Sampoen dados panggalih: maniratinmbali wonten ngarsaningsoen.”

Pandita Sokalima: „Koela noewoen, anak praboe, sareng tampi timbalan-dalem: lir kambengan salembar pinandjer ing madyaning aloen-aloen kasiliran ing samirana. kati oegoehan ing kajoe anon: kawoela nonon, inggih anak praboe, poenapa ta ingkang kapoen-doeta? Poenapa badé moendoet ngelmoe ingkang meling-meling kados beling goemlinding kados nèker, oetawi pangasihan pangle-repan? Inggih wonten. boten kekirangan paringipoen déwa ing Soeralaja.”

Nata ngandika: „Kados poendi, paman, koela mireng tembang rawat-rawat kados titir binandjoeraken, paman, ing saniki wonten ratoe ngadeg wonten ing nagari Sonjawibawa, paman, boten wandé mbebajani.”

Doerna matoer: „Koela noewoen inggih, anak praboe.”

Nata ngandika dateng patih Sangkoeni: „Wis ta, paman, pakenira medaling djaba, dawoehana botjah Koerawa, soenangkati mbedah nagara ing Sonjawibawa.”

Patih matoer: „Sampoen rampoeng timbalandalem, kawoela klilan medal ing djawi.”

Nata ngandika: „Paman, di rada ngati-ati, adja kaja botjah.”

Patih Sangkoeni: „Sandika ”


Patih ladjeng moendoer saking ngarsadalem

Dalang kanda:

(Gambar II). „Waoe ta, lah ing kana waoe sabda pandita, ratoe wali-wali tan kena balèbèg lir pendah mangsi toemètès ing daloewang. Wong agoeng Ngastina saksana kondoer ing kadaton, ingapit para tjèti manggoeng tanapi para badaja.”

Gangsa serbegan.

Sinigeg, genti kotjapa ingkang wonten pasowanan djawi, kentjeng karsanira.



I. epak koerawa Ngastina mblabar lir sagara.



goepala angapit kéring gapoera.



perawa, Patih Sengkoeni,



IVg raji Dyan Santyaki, Patih Oedawa.

Gending.

Dalang ladjeng kanḍa:

„Waoe ta, anenggih poenika ingkang wonten ing pasowanan djiawi, ora ana kaya praboe Mandoera, kalihan ingkang raji adipati Ngawangga, para adipati pepak sadaja. Ingkang wonten kringira satrija ing Bandjardjoemoet: arja Doersasana sarta toemenggoeng ing Banakeling: Djajadjatra. Ing kana waoe patih Sangkoeni kang ndawoehaken timbalandalem.

Jitnanira wong agoeng ing Mandoera angandika:

„Jaji Wangga, di kaparèngarsa, jaji.”

Adipati Ngawangga: „Koela noewoen inggih, kakang praboe.”

Gangsa kèndel.

Dalang ladjeng soelook:

„Witning wandanira, manoengkoening poenggawa ingkang, lamaté wong kena goena kidang djalala pepintjangan wajahé mèh bangoen rahina.”

Praboe Mandoera tanja dateng patih Sangkoeni.

(Gambar III). Patih Sangkoeni ndawoehaken timbalandalem: „Anak praboe Mandoera, poenika sami kamirengna anak-anak koela sadaja; dawoehing Nata dateng koela: sapoenika para Koerawa kakarsakaken sijaga sadaja.”

Mandoera matoer: „Makaten, paman.”

Patih Sangkoeni: „Anak praboe inggih.”

Praboe Mandoera: „Mangga ta sampoen ngantos kalajatan.”

Sangkoeni dawoeh dateng Koerawa: „Èh-èh botjah pradjoerit, pada dandana, bedil bolong boentetana, toembak pada warangana, jèn kesoesoe oengkalana, tamboer bedah dondomana, slomprèt adja na kèri.”

Para pradjoerit Koerawa: „Sandika.”

Waoe ta bocdaling wadya bala kaya dandang reboet koenarpa, salang toendjang reboet ngarsa.

Genti kang tjinarita, gelising kang moenggel kawi, gantjanging tjarita, sédjé tanah nanging toenggal kandané. Ana nagara Darawati kang djedjoelook praboe batara Kresna. Mijos sinéba wadya bala pepak andèr moenggèng ngarsadalem.

(Gambar IV). Waoe ta, ingkang wonten ngarsanira wong agoeng Darawati, sinten ingkang sowan wonten ingarsanira, poetradalem ja Wisnoepoetra rahadèn Samba, ja radèn Wisnoebrata. Ingkang wonten kringira satrija Lésanpoera, rahadyan arja Setyaki, ja Bimakoentjing. Déné kananira ja patih Oedawa.

Jitnanira batara Kresna karsa angandika: „Samba! Samba! Mara di kapara ngarep.”

Samba: „Inggiŋ dlateng sandika.”

Gangsa kèndel.

Dalang soeloek:

„Lengleng ramjang risedengnja alenggah, sang narapati Kresna, oemjat wisajèng deling, toemandang kang bala koeswa, éka wisanggeni maja moeroeb kadya kabaranang.”

Kresna ngandika: „Samba, adja dadi atinira, soen timbali ana ngarsaningsoen.”

Samba matoer: „Kawoela noewoen inggiŋ, kangdjeng rama adji, poetra dalem sareng tampi timbalaning Nata lir tinebak ing sima lepat, kadya sinamber ing gelap toeni; boten priksa tjloroting kilat, namoeng priksa santering timbalandalem.”

Kresna: „Ja, koeloep, ingsoen tarima.”

„Adimas arja!”

Setyaki: „Kawoela non, kaka praboe.”

Kresna: „Adja djeneng para soemelang, adimas, sira soen-timbali ana ingarsaningsoen.”

Setyaki: „Saklangkoeng koemedjot koemitir katjarjan maras kawoela.”

Kresna: „Oedawa!”

Oedawa: „Koela.”

Kresna: „Sira tata-tataa, Oedawa, soen arsa panggih lan jaji Samiadji, jèn sijang sijagaa, jèn wengi barisa pendem.”

Oedawa: „Noen inggiŋ, goesti, dlateng sandika.”

Kresna: „Wis, sira kang dadi kamitoewa, kang rada prajitna.”

Oedawa: „Dateng sandika.”

Kresna: „Adi mas arja!”

Setyaki: „Koela.”

Kresna: „Sira dombanana adja katoengkoel.”


Setyaki: „Inggiŋ, dlateng sandika.”

(Gambar V). Lah ingrikoe wong agoeng ing Darawati arsa djengkar, saking karsanira dlateng nagari ing Ngamarta; djlog teḍak dlateng plataran wong agoeng Darawati, arsa nggajoeŋ ngakasa awor méga poetih, bala ndèrèk sadaja.


(Gambar VI). Sinigeg gantya kotjapa, toenggal kandané nanging ja sédjé tanahé. Kang wonten nagari ing Sonjawibawa, sinten ta djedjoeloekira, ja praboe Belgedoewelbeh Tongtongsot Oepelgèn. Sinten ta ingkang sowan wonten ingarsanira, warang-kadalem ja radèn Kanékairetna, déné wingkingira ditya Kaladoer-ga, sangandapira toemenggoeng Ardawalika, kéringira arja Si-gargagang; pepak sadaja ingkang sowan ingarsadalem.



djengkar siḍakep sloekoetoenggal.



nenggoeng Ardawalika, pepak wadya.



jatra. Toemenggoeng

Boten wonten ratoe karengga boesana angagem gelang gera-
nanira, ja ngagem koeloek boeloe-boeloe djangkangan, sepatoe
modjah dadi patoetira. Ja mangkana ingkang sowan ingarsa-
dalem pepak sagoeng wadya bala, lir péndah sagara mblabar,
doemoegi saléring waringin koeroeng ngantos doemoegi sakilèn
bloewèn ingkang samja sowan ingarsadalem.

Jitnanira radèn Kanékaretna: „È é, kaprijé karsané goestikoe,
karsa aneloekaké radja sèwoe nagara; dakkira apa bisa, nganti
klakon moengsoeh nata ing Ngastina.”

Ri saksana ngandika wong agoeng Sonjawibana: „Poetih bok
di mbréné.”

Gangsa kèndel.

Ladjeng omong banjol.

Radja Sonjawibawa: „Apa wis pada soewé anèng kono lèhmoe
pada loenggoeh?”

Atoering patih: „Kawoela sampoen, goesti, wonten ingarsa-
dalem.”

Sang nata: „Ja wis, poetih akoe ora weroeh apa-apa.”

Atoering patih: „Inggi, kadjawi karsadalem. goesti, mana-
wi taksih abdidalem poen Kanékaretna, kakerigna tijang Ngastina,
kados pangèstoedalem kadoegi ngajoni”.

Sang nata: „Ja, poetih, ja pada remboegana. karo kowé boeta
bala-bala kabèh pada ametoekna kana djaba, akoe arep tajoeban
karo nginoem roedjak koewèni roedjak gobèl”.

Ladjeng gending lingko-lingko.

Boten dangoe mengsah dateng.

(Gambar VII). Tan antara dangoe gègèring djawi, datengira
wong agoeng Mandoera, saha ngirid wadya Koerawa Ngastina,
ladjeng kapetoekaken toemenggoeng Ardawalika, mangsah prang
lan toemenggoeng Djajadjatra, tanding. Djajadjatra kepladjar.

Lah ingrikoe datengira dipati Karna, ladjeng soeloek: Goerisa.

Tjapeng sang Karna pati, djadjanja bang mawinga-winga,
pan koemedoet latinja, saking geter manahira, waoe dipati Karna,
narik ingkang tjoeriga.

Kepladjar Ardawalika.

Patih madjeng prang lan dipati Karna; dipati Karna dipoen
djemparing ranté kénging, saksana ladjeng katjepeng.

Tan pantara dangoe praboe Mandoera doeka jajah sinipi.

Soeloek.

Ladjeng prang ramé, saksana praboe Mandoera katiban panah
ranté boten saged ébah, ladjeng katjakoep.

Koerawa sami moendoer sadaja.

Ja mangkana radèn Kanékaretna karsanira sowan dateng
ngarsa praboe Bèlgedoewèlbèh ngladosaken teloe kanipoen, praboe
Mandoera lan dipati Karna.

Serbegan ladjeng kèndel.

Dalang noelja kanḍa:

Lah ingrikoe waoe katjepengipoen prijaji Ngawangga lan praboe Baladéwa anekakaken gara-gara, apa tengarané: lindoe ping pitoe sadina, kekoewoeng pating palengkoeng, tédja pating glebjar, poetjoeké goenoeng Mrapi kadya kitiran.

Djleg Semar kelawan Garèng sami banjolan, ladjeng sowan. Sinigeg gantya kotjapa kang wonten nagari Ngamarta gandroeng kapirangoe.

Dalang kanḍa:

„Anenggih poenika ingkang kotjapa, sinten? Ja praboe Joeḍistira, apeparab ja praboe Widjakangka. Wondéné ingkang wonten ngarsanira Nata Darawati, kanan kéringira kadang pandawa pepak sadaja.”

Gangsè kèndel.

Soeloek sekar Semaradana:

(Gambar VIII). Ri sedengira tinangkil, maha praboe Joeḍistira, lenggah dampar kentjana, oepatjaranira, lar badak, ardawalika, kalawidja pepak sadaja saksana angandika:

„Paran tata, kakang praboe dèrèng dangoe katoeran panakrama.”

Kresna: „Inggiḥ dateng kasoewoen, jaji praboe.”

Poentadéwa: „Adimas Werkoedara!”

Werkoedara: „I, apa Poenta adji kakangkoe.”

Poentadéwa: „Adimas Djanaka!”

Djanaka: „Koela noewoen, kaka praboe.”

Nata Kresna matoer dateng praboe Ngamarta: „Inkang poenika jaji, koela mireng tembang rawat-rawat, ing sapoenika wonten ratoe djoemeneng nagari ing Sonjawibawa.”

Nata Ngamarta: „Koela noewoen inggiḥ, kaka praboe.”

Nata Ngamarta: „Adi Werkoedara!”

Werkoedara: „I, apa Poenta adji kakangkoe.”

Nata Ngamarta: „Andadèkna kawroehmoe, jèn saiki ana ratoe loewih digdaja, mangsa boronga sira.”

Werkoedara: „Djanaka!”

Djanaka: „Koela noewoen, kangmas.”

Werkoedara: „Mara pajo pada disirnakaké ratoe Sonjawibawa.”

Djanaka: „Inggiḥ soemangga.”


Nata Kresna ngandika: „Rada sing ati-ati adja kaja botjah.”
Ja mangkana radèn Werkoedara karsa nimbali kang poetra radèn Gafoetkatja.

Séna nabda.

Ladjeng sekar Pangkoer.



ela, Sedéwa pepak para poeta,
Baṭara Kresna.



etra Radèn Katjanagara



tadanawa kalih Setjabawa, danawa kạtah.



saking Sonjawibawa sami patjak baris.

(Gambar IX). Ia radèn Widjaséna, ngagem kampoeuh polèng rinengga adi, salira angoela doemoeng, andik ingkang paningal, jèn ngandika gereng-gereng teka patoet, satoehoe gagah prakosa, soedira prawirèng djoerit.

Radèn Werkoedara ngandika: „Gaṭot.”

Gaṭoetkatja: „Koela, nimbali poetradalem.”

Werkoedara: „Moelané taktimbali, takdjak nggitik nagara.”

Gaṭoetkatja: „Inggihi, dateng sandika.”

Lah ingrikoe radèn Gaṭoetkatja, karsanira ngambah ing dir-gantara, ndjedjeg siti boentala: ngandelong sawah sadjoeng, dedel awor méga poetih.

Jata radèn Werkoedara karsanira tindak saksana.

Gangsa serbegan.

Kotjapa, sinten? Satrija ing Madoekara lan Nata Darawati.

Andikanipoen: „Kipé Djanaka.”

Atoeripoen Djanaka: „Noewoen, kaka praboe.”

Kresna: „Djeneng para adja klajatan, raka para medal djoe-mantara.”

Tindakira wong agoeng Darawati gajoeuh ngakasa amor méga.

Waoe ta, ja radèn Djanaka tindaknja kadèrèkaken perpat kekalih: Semar kalihan Garèng.

Gangsa serbegan.

(Gambar X). Genti kotjapa ingkang patjak baris wonten wana Tjatoerdenda kaja djangkrik dènkilèni, emban Mamangdèwi sakantjanira pating glereng. Tan antara dangoe pladjaripoen Setjabawa, kalawan megap-megap atoerira.

Para danawa pitakèn: „Ana apa, Togog, mara matoera.”

Togog: „Klai-klai, sing atos-atos, saniki wonten satrija liwat, bagoes, réntjangé kalih, koela takoni: saking Madoekara.”

Denawa: „Apa ora kobalèkaké?”

Togog: „Saklangkoeng.”

Saksana para danawa ladjeng tjantjoet, sami anjoewara: „Adi-adi, ditjegat lorwétan.”

Salang toendjang polahé danawa.

Gangsa serbegan.

Djanaka prang kalih danawa ramé, inggihi poenika danawa saking Sonjawibawa, danawa kapladjar sadaja, radèn Djanaka ladjoe ing tindakira.

(Gambar XI). Sinigeg gantya kotjapa lampahira radèn Werkoedara londjong mimis. Para boeron wana kang samja patjak baris anèng Tjatoerdenda kemritjik soewaranira. Sapa kang ana kono? Dirada Soera sakantjanira.

Gadjah Soera witjanten : „Mata-mata kapi, adi kaja ana sina-
trija liwat londjong botor lakoené, mara pada ditakoni, déné
wani-wani mlakoe anèng kéné; mara adja kesoewèn, mandeg-
mandeg.”

Ingrikoe tindakira satrija ing Djoelipati radèn Werkoedara
kèndel saksana, mriksa jén wonten boeron wana, Widjaséna
saklangkoeng doekanira.

Soelook sekar Doerma.

Lir sindoera ri sang arja Werkoedara, winga-winga mawengis,
lèn tjiptanja djoega, kebaka ingrat tala, poenika ingkang soepa-
mi, lir goenoeng wadja, éwoeh awrat sinanggi.

Ladjeng prang sampak, radèn Werkoedara ngamoek saksana,
boeron alas samja mladjar sadaja, radèn Werkoedara ladjeng
lampahira.

Gantya ingkang kotjapa, kang wonten nagari Sonjawibawa.
Gending Radjasoewala.

Wong agoeng lenggah dampar kantjana, logja soeka-soeka kar-
sanira. Sang Nata angandika :

„Keprijé patih, apa wis katjkel ratoe Mandoera karo si Karna?”

Patih matoer : „Kawoela noewoen, pangestodalem, goesti,
sampoén katjepeng ratoe Mandoera kalijan dipati Karna. Koera-
wa Ngastina sami mladjar sadaja.

Sang Nata : „Patih, bara tarinen ta disik, apa teloeok apa ora ?”

Ratoe Mandoera kalihan adipati Karna sami matoer teloeok.

Sang Nata ngandika : „Patih, gèk bandjoer kon ngangsoe kana,
si Karna koewi kon dadi tjarik : patoeté.”

Patih : „Dateng sandika.”

Waoe ta, lagia étja gènira siniwaka ja praboe Bèlgedoewèlbèh,
boten antara dangoe radèn Gafoetkatja tjoemlorot saking madya
gantang, ladjeng dawah ingarsanira praboe Bèlgedoewèlbèh. Sang
Nata djoemboel, boepati gègèr sami alok : ana wong tiban saka
nglangit.

Sang Nata ngandika : „Tangia, pak tjilik.”

Waoe ta, radèn Gafoetkatja kasiliring samirana gereng-gereng
grégah noelja woengoe, ladjeng sowan wonten ngarsadalam.

Nata angandika : „Patih, koewi singkirna kana, adja awèh séba,
pintanen pagawéan.”

Patih matoer : „Dateng sandika.”

Ja mangkana sowanira satrija Madoekara kalih ingkang poetra
radèn Angkawidjaja lan Irawan, radèn Samba lan arja Setyaki,
kalawan satrija dasar pratala radèn Antaredja, sadaja sami sowan
wonten ngarsanipoen praboe Bèlgedoewèlbèh, kantoen arja Wer-
koedara ingkang taksih kantoen wonten djawi, sarta oegi béla
teloeok kadang sadaja.

Kotjapa kang wonten ing djawi, lah ingrikoe sowanira praboe



panḍawa sami teloeḱ, Semar, Garèṅ tinari sagah.

Ngastina lan para Koerawa toewin sagoeng nijaka, toemenggoeng, boepati, mantri, kerig sadaja anjaosaken pedjah gesang.

(Gambar XII). Waoe ta, wong agoeng Darawati lan perpat kalih ladjeng ngandika:

„Semar! mara kéné paña remboegan, sapa manéh jèn ora kowé Semar, sing dadi rasané pikirkoé, kakang.”

Semar matoer: „Poenapa makaten?”

Kresna: „Ja, kakang Semar.”

Garèng njela atoor: „Koela mawon, kalih tjèlèng tawa mesti mrantasi, dara.”

Kresna: „Mangkono, Garèng?”

Garèng: „Inggih, dara.”

Nata Kresna ngandika: „Wis, kakang Semar, adja klajatan.”

Semar, Garèng ladjeng tjantjoet, sami mangkat.

Gangsa serbegan.

Kotjapa kang ana nagara Sonjawibawa praboe Bèlgedoewèlbèh, kang sinéba wadya bala sarta para teloeke sadaja.

Gangsa kèndel.

Nata ngandika: „Patih, moeng sidji sing dadi rasaning pikirkoé.”

Patih: „Kawoela noewoen inggih.”

Sang Nata: „Pikirkoé rada ora kepénak.”

Patih matoer: „Kados poendi ingkang dados karsadalem?”

Nata ngandika: „Ja koewi, saiki, paña djaganana, nèk ana wong toewa nganggo koentjoeng, djenengé si Semar lan Garèng, poma-poma adja nganti bisa mleboe ana ngarepakoe: moeng koewé, patih.”

Poetih matoer: „Dateng sandika.”

Patih ladjeng medal ndawoehaken timbalandalem.

Patih: „Paman Kalajeksa, botjahmoe bala boeta paña dawoehana patjak baris ana sakiwa tengen tepis wiring nagara, jèn ana wong wis toewa djenengé si Semar lan Garèng, balèkna, jèn ora gelem bali, patènana sing nganti rampoeng.”

Kalajeksa matoer: „Sandika.”

Sigeg ganti kotjapa. Ja satrija Djodipati, ja radèn Werkoedara pepak sakadang-kadéjan sadaja: Djanaka, Angkawidjaja, Gafoetkatja.

Séna nabda: „I. Djlamprong, metoea.”

Djanaka: „Koela noewoen inggih.”

Gangsa kèndel.

Soeloek:

Witning warnanira, madoe koening riwé medal, katal mawoer ing sira, lamating wong kena goena, kidang djala, lakoéné pepintjangan, wajahé woes bangoen rahina.

Werkoedara: „Adimas!”

Djanaka: „Koela.”

Werkoedara: „Keprijé?”

Djanaka: „Koela énggal matoer, kang mas, kadjawi saking karsa, sadangoenipoen koela wonten ngriki sampoen lami koela kéngetan poen Pétroek.”

Bima nabda: „Apa mengkono?”

Djanaka: „Kangmas, inggih.”

(Gambar XIII). Kotjapa Semar, Garèng ladjeng soroh amoek, wadya bala mapagaken sadaja. Bramatya patih Kanékkaretna amefoekaken.

Gangsa soewoek.

Semar dipoen wangsoelaken boten poeroen, meksa ngamoek, prang lan bala sami kepladjar sadaja. Semar, Garèng liwoeng.

Lah ingrikoe kantoen pijambak praboe Bèlgedoewèlbèh, andi-kanipoen: „Eh, blai saiki, kodjoer awakkoek.”

(Gambar XIV). Wilakatika tan saranta ladjeng tjinandak.

„Dadi déning kowé, ora kira-kira.”

Ladjeng kadjodi katlikoeng: „Kapok apa ora kowé, sadina iki jèn ora gelem tobat, takgawé pakan matjan.”

Pétroek: „Bijoeng, wis kapok.”

Semar priksa kang poetra ladjeng rangkoelan, tijang tiga badar.

Semar witjanten: „Wis ta, pada séba daramoe Nata Kresna.”

Semar, Garèng, Pétroek ladjeng sowan dateng pasanggrahan.

Gangsa soewoek.

Soeloek gending Rina-rina.

Ingkang wonten pasanggrahan, waoe ta, ja wong agoeng Darawati, kalihan para kadang pandawa pepak sadaja; jitnanira Nata Darawati: „Adi Werkoedara!”

Werkoedara: „I, apa?”

Kresna: „Mara metoea adi.”

Werkoedara: „Ija.”

Gangsa kèndel.

Ladjeng soeloek.

Kresna ngandika: „Adi Werkoedara!”

Werkoedara: „Apa?”

Kresna: „Kipé!”

Djanaka: „Koela.”

Kresna: „Mara, adi, djeneng para kang jitna.”

Ladjeng datengipoen radèn Samba sarta Semar, Garèng angla-dosaken poen Kantongbolong.

Kresna nabda: „Déné kowé, Semar?”



ngi tan kena, ngamoek poenggoeng



g. lan ki Semar dênplètjèti dênengkoek-engkoek.



h Kanéka dèndjemparing maring Dyan
koedara.



Nerada, awas Batara Kresna
Nerada.

Semar: „Inggih, dara, jektosipoen kang dados ratoe poen Pétroek.”

Djanaka nimbali poen Pétroek: „Pétroek bisa temen gawé soesah.”

Kresna soemamboeng: „Wis, adi pada sadijaa, balané sing kèri mangsa boronga.”

Séna ngandika: „Wis adja miloe-miloe, akoe déwé.”

Séna nimbali radèn Gafoetkatja: „Gafoet!”

Gafoetkatja: „Koela.”

Séna: „Ajo pada disirnakaké.”

Gafoetkatja: Sandika.”

Ladjeng sami boedalan.

Ganti kotjapa kang wonten nagari Sonjawibawa, patih Kanékaretna lan ditya Kalaraseksa lan wadya-bala pepak sadaja.

Ganga soewoek.

Patih Kanékaretna ngandika: „Paman Kalaraseksa!”

Kalaraseksa: „Koela, nggèr.”

Patih Kanékaretna: „Saiki goestikoe wis sirna marga lajoe.”

Kalaraseksa: „Poenapa makaten. nggèr?”

Patih Kanékaretna: „Ija.”

(Gambar XV). Tan antara dangoe datengira radèn Werkoedara, kapefoekaken Kalaraseksa, prang patih katiban gada malih dados baßara Narada ladjeng ngandika:

„Wis Séna, lan Djanaka, pada sirnakna ditya Kalaraseksa.”

Werkoedara: „Mangkono.”

Narada: „Ija, wis ta sira karia, kita moelih menjang kahjangan.”

Werkoedara: „Djlamprong, Kalaraseksa paténana.”

Djanaka: „Inggih.”

Ija mangkana ladjeng dipoendjemparing ditya Kalaraseksa, sareng katjoendoe ing djemparingira sang Parta, Kalaraseksa moesna dados baßara Goeroe ladjeng ngandika:

„Koeloep Djanaka, pada marénéa, ingsoen paringi priksa.”

(Gambar XVI). Waoe ta radèn Djanaka sareng priksa jèn sahjang Djagadnata ingkang nimbali, sedaja ladjeng sami sowan ingarsadalem; sahjang Djagadnata adadawoeh:

„Wis, koeloep, wekaskita, krana adja manèh-manèh sija marang si Pétroek.”

Pandawa sami matoer: „Koela noewoen inggih, Ijang poekoeloen.”

Baßara Goeroe: „Wis, sira pada karia, ingsoen moelih menjang kahjangan.”

Inkang kantoen Nata Kresna praboe Mandoera, praboe Ngastina, para poetra-poetra lan para wadya Koerawa Ngastina pepak sadaja.

Jitnanira wong agoeng Darawati: „Jaji praboe, soemangga dikapara ngarsa.”

Nata Ngastina sabdanira: „Inggih, kaka praboe.”
Gangsa kèndel.

Dalang soeloek:

Witning warnanira, madloe koening wiwaha medal, katal ma-woer ing salira, lamaté wong kena, goena kidang djala lakoené pepintjangan, wajah medal kang baskara.

Kresna ngandika: Jaji praboe.”


Nata Ngastina: „Koela noewoen, kaka praboe.”

Kresna: „Sami kaseksènana, menawi sampoen moelja sedja-nipoen para kadang, koela ladjeng najoeb, para wadya bala sami asoeka-soeka, moendoet genjing kembang gajam.”

MANDJER GOENOENGAN.

BJAR.

NAMANING PANGARANG.	NAMANING SERAT.	REGI.
R. Sasraprawira.	Bijoeng koewalon.	f 0,06
Idem	Idem (Holl. karakter).	" 0,03
R. Dirdjasoebrata.	Gara-gara.	" 0,12
Idem	Pamboekaning nalar.	" 0,20
Kemis alias Ardjasoewita.	Pasrèn.	" 0,05
M. Poedjaardja.	Tjarijos Tilarsa.	" 0,26
R. Tirtadanoedja.	Ngèlmoe kasoegihan.	" 0,05
R. Poerwasoewignja.	Serat lebdatama I.	" 0,08
Idem	Idem II.	" 0,13
M. Mangoenpoestaka.	Oepadarja.	" 0,09
M. Wirjadiardja.	Waris lan Lalis.	" 0,11
R. Ng. Djajamargasa.	Wreda-Moeda.	" 0,11
M. Prawirasoeirdja.	Serat panoetan.	" 0,12
H. C. Croes.	Bab angin.	" 0,05
Djagawigata.	Pepéling lan pamrajoga.	" 0,08
R. Ng. Soeradioera.	Serat temboeng andoepara.	" 0,16
Dr. O. L. de Raadt.	Bab lelara pès.	" 0,05
R. M. Mangkoedimedja.	Asalipoen ringgit.	" 0,36
R. M. A. Soerjasoeparta.	Serat tjarijos kekésahan sa- king tanah Djawi dateng nagari Walandi.	" 0,39
Tjakradibrata.	Wasita toerangga.	" 0,60
Ng. Wirapoestaka.	Serat érang-érang.	" 0,14
M. Hardjasapoetra c. s.	Dongèng warni-warni.	" 0,11
R. A. A. Reksakoesoema.	Tjarijosipoen banawi Sala.	" 0,12
M. Samsirmiardja.	Djaka Djohanis.	" 0,12
M. Koeswadiardja.	Rara Kandreman.	" 0,09
M. Wirjaatmadja.	Rara Rarasati.	" 0,12
M. Soewadi.	Bok ranða Setijadarma.	" 0,09
Sastrawirja c. s.	Parabangsa.	" 0,40
M. Ng. Mangoenwidjaja.	Trilaksita.	" 0,40
M. Sastradiardja.	Ketèk lan koera.	" 0,06
R. Tjitrawasita.	Tridyatmika.	" 0,42
M. Soetardja.	Tijang remen main.	" 0,35
Sasrasoedirdja.	Sri Djoewita.	" 0,50
Idem	Balé warna.	" 0,15
Djakoeb c. s.	Enoet gending sléndro.	" 1,30
M. Ng. Mangoenwidjaja.	Woerjalotjita.	
Tjakradibrata.	Djadjalan warna-warna bab ngèlmoe alam.	



Cornell University Library
PL 5179.P49 1920

Petroek dados ratoe; tjarangan bebanjola



3 1924 020 652 966

ech

OLIN LIBRARY - CIRCULATION

DATE DUE

APR 28 '01

GAYLORD

PRINTED IN U.S.A.

ALG F11

